

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Kamekaran sastra buhun nepi ka ayeuna diwincik kana sababaraha périodisasi. Nurutkeun Ruhaliah (2019, kc. 16) périodisasi sastra nu disusun ku Yus Rusyana ngabogaan lima mangsa. Mangsa kahiji dimimitian ku ayana karajaan Tarumanagara, Galuh, Sunda jeung Pajajaran nepi ka taun 1600-an. Satuluyna, périodisasi sastra mangsa kadua anu gelar dina taun 1600-1800 geus kapangaruhan ku agama, budaya, basa jeung sajabana. Mangsa katilu dina taun 1800-1900, mangsa kaopat taun 1900-1945, mangsa kalima taun 1945-1965, mangsa kagenep taun 1965-2000, jeung mangsa katujuh dina taun 2000-ayeuna, tangtu miboga ciri masing-masing unggal mangsana.

Tujuh mangsa périodisasi sastra di luhur, kapangaruhan ku agama, budaya, sosial, kaayaan ékonomi masarakat jeung pangaruh séjénna. Ieu pangaruh nu ngajadikeun sabab-musabab gelarna karya sastra di tatar Sunda, upamana pupujian dina mangsa kadua nu dipangaruhan ku asupna agama Islam (Ruhaliah, 2019, kc. 63). Ku kituna, Kartini (dina Masduki, 2009, kc. 57) nyebutkeun yén pupujian téh kaasup kana hasil karya sastra lisan nu kapangaruhan ku asupna agama Islam.

Nurutkeun Rusyana (1971, kc. 1) pupujian téh ngalagukeun rakitan-rakitan kalimah nu eusina muji jeung ngadoa ka Pangéran, solawat ka Nabi Muhammad, jadi pépéling ka umat, jeung pangajaran religius. Rakitan kalimah nu dilagukeun téh aya nu diwangun ku basa Arab jeung aya ogé nu basa Sunda. Pupujian ngabogaan eusi nu hadé pikeun nu maca jeung anu ngaregepkeuna, sangkan pamaca atawa pangregep milampah pagawéan anu hadé, ilaharna pupujian sok di nadomkeun atawa di kawihkeun di masjid bari nungguan solat berjamaah (Masduki, 2009, kc. 56).

Pupujian kaasup kana wangun puisi anu dinadomkeun, ku kituna pupujian raket patalina jeung konsép mimémis atawa titiron tina kahirupan manusa, sabab anu ditulis kana pupujian téh dumasar kana atikan agama jeung kamekaran kahirupan manusa unggal mangsana. Ku kituna dina unggal pupujian geus tangtu

miboga sajumlahing ajén-inajén anu lumarap di masarakat, utamana di wewengkon tempat digelarkeunna éta pupujian.

Pupujian umumna sok dinadomkeun di masjid, pasantrén, madrasah, jeung tempat pangajian séjénna. Papadaning kitu, Kartini spk., (1986, kc. 13-14) ngutarakeun kiwari pupujian geus langka dinadomkeun, lantaran tingkat pendidikan jeung pangaweruh manusa ngeunaan agama leuwih luhur tibatan ajaran-ajaran agama anu dinadomkeun dina wangun pupujian, buku-buku kaagamaan kiwari ogé geus réa jeung teu hésé pikeun néanganna, kitu ogé pangaruh budaya modern anu ngajadikeun masarakat boga anggapan yén ajaran-ajaran agama dina wangun pupujian kurang saluyu jeung kamekaran jaman, utamana dina ajaran étika jeung sopan santun. Lian ti éta, Taufik (2018, kc. 101) negeskeun, yén pupujian ogé ngan dinadomkeun ku masarakat Sunda anu patali jeung ormas Nadhatul Ulama, anapon masarakat anu boga patali jeung ormas séjén, kawas Muhammadiyah jeung Pérsis pupujian jarang dimekarkeun lantaran kurangna dalil anu jadi sababna.

Salasahiji tarékah pikeun ngamumulé pupujian nya éta ku cara ditalungtik eusina, diantarana dianalisis strukturalna pikeun nyangking eusi éta pupujianna, geusan dijadikeun atikan agama, utamana étika jeung sopan santun dina kahirupan sapopoé.

Ieu panalungtikan dikasangkutanan ku langkana masarakat dina nganadomkeun karya sastra pupujian. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngatransliterasi pupujian *Akhlaku lil Banin* tina arab pégon kana aksara latén, sarta nganalisis strukturna jeung ngadéskripsikeun ajén sosial anu nyangkaruk dina éta pupujian, tur ngawanohkeun salasahiji karya ulama Jawa Barat, Aén Haromaén nu judulna “*Nadom Akhlaku lil Banin*” ka siswa dina pangajaran ngaregepkeun di sakola.

Sajaba ti éta, pupujian *Akhlaku lil Banin* ogé can aya anu nalungtik. Ku kituna éta pupujian perlu pisan ditalungtik, kalawan dianalisis struktur lahir jeung struktur batinna ngagunakeun téori struktur puisi Waluyo, sarta maluruh ajén sosialna ngagunakeun téori Setiadi jeung Kolip sacara deskriptif-analitik.

Diantara ajén-inajén anu nyangkaruk dina pupujian nya éta ajén sosial. Nurutkeun Setiadi jeung Kolip (2010, kc. 6), ajén sosial téh nyaéta hiji hal anu dianggap alus, luyu, jeung pantes kalayan dicita-citakeun sarta dipikahayang ku jalma réa, nepi ka manusa miboga hubungan jeung manusa séjénna pikeun ngawujudkeun cita-citana anu sarua nya éta ajén-ajén sosial.

Réa inohong anu midangkeun karya sastra tur euyeub ku ajén sosial, salasahijina nya éta pupujian *Akhlaku lil Banin* karya Aén Haromaén. Ku kituna ieu panalungtikan maluruh ajén sosial anu aya dina éta pupujian. Anapon pasantrén anu sok nganadomkeun éta pupujian nya éta Pasantrén Al-Barokah anu aya di Jl. Cilandak, Rt 004 Rw 005, Désa Sukarasa, Kecamatan Sukasari, Kota Bandung. Pupujian dinadomkeun ku santri saméméh ngaji bari nungguan guru ka madrasah. Diantara jejer pupujianna nya éta “Ngajarkeun ngeunaan Gusti Allah” jeung “Adab anu Jadi Budak ka Ibuna”.

Patali jeung hal akademik, kaparigelan ngaregepkeun kaasup pikeun ngaronjatkeun nilai psikomotor siswa. Luyu jeung pamadegan Puspita jeung Rahman (2017, kc. 202) prosés diajar sacara émpirik bisa ngaronjatkeun ngaronjatkeun kognitif, aféktif, jeung psikomotor siswa sarta kapasitas mémorina (*enhance learning and increase long-term memory capabilities of learners*).

Lian ti éta, kaparigelan ngaregepkeun ogé bisa dijadikeun bahan pangajaran di sakola. Dumasar Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat No.5 Taun 2003, ngeunaan pemeliharaan Bahasa, sastra jeung Aksara Daérah yén “*Bahasa dan sastra daerah, harus dijadikan sebagai muatan lokal dalam proses pembelajaran untuk setiap satuan pendidikan sesuai dengan potensi dan keunikan Jawa Barat, sesuai ketentuan peraturan perundang-undangan*”. Nu mantak basa daérah anu aya di Jawa Barat nya éta basa Sunda diajarkeun dina atikan formal, tegesna di sakola atawa paguron luhur jeung atikan *non-formal*. Anapon ambahan dina pangajaran basa Sunda dumasar Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) pangajaran basa Sunda, ngawengku opat kaparigelan basa, nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis.

Dumasar *Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017 Jenjang SMP/MTs kelas*

VII dina pangajaran basa Sunda kelas VII, diantarana aya matéri pupujian. Nu jadi KIKD matéri ajar pupujian nya éta KD 7.3.3 nu eusina “*siswa mengidentifikasi bentuk, struktur dan isi, fungsi sosial, serta aspek kebahasaan teks pupujian*”. Sarta dina KD 7.4.3 nu eusina “*Siswa melantunkan pupujian sesuai dengan ciri khas daerah masing-masing dengan memperhatikan fungsi sosial, struktur teks dan aspek kebahasaan*” (Disdik Provinsi Jawa Barat, 2017, kc. 36). Ku kituna pupujian nu ditalungtik bisa dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP kelas VII.

Panalungtikan nu dilaksanakeun ku sababaraha mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa Sunda ngeunaan pupujian tur dipatalikeun kana bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP diantarana nyaéta; “Pupujian nu Aya di Pondok Pasantren Al-Barokah Bandung pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP Kelas VII (Ulikan Semiotik, Téks, jeung Kontéks)” disusun ku Suci Nurul Qori’ah taun (2015); skripsi “Pupujian di Kampung Manis Désa Haurkuring Kacamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP” disusun ku Didin Sholehuddin (2012); jeung skripsi “Adegan Pupujian di Désa Sirnasari Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP (Ulikan Struktural)” disusun ku Ina Eka Sulastri (2014).

Tina sawatara panalungtikan nu kungsi dilaksanakeun saméméhna, tétéla ieu panalungtikan kawilang anyar, sabab ditilik tina objék panalungtikanna, can aya nu medar éta pupujian. Objék ieu panalungtikan nya éta pupujian *Akhlaku lil Banin*.

Dumasar kana éta hal, ieu panalungtikan dipuseurkeun kana kagiatan deskripsi tur nganalisis unsur strukturalna nu mangrupa wangun, purwakanti, eusi, harti, fungsi jeung basa pupujian, ogé nganalisis ajén sosial nu nyangkaruk dina éta pupujian. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Ajén Sosial dina Pupujian *Akhlaku Lil Banin* pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP Kelas VII (Ulikan Struktural)”.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Luyu jeung kasang tukang, masalah nu diidéntifikasi dina ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun tur nganalisis wangun, purwakanti, eusi, harti, fungsi,

jeung basa pupujian *Akhlaku lil Banin*, ngadéskrripsikeun ajén sosial dina pupujian *Akhlaku lil Banin*, ngalarapkeun pupujian *Akhlaku lil Banin* kana Standar Kompetensi sarta Kompetensi Dasar (SKKD) dina Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat No.5 Taun 2003 ngeunaan pemeliharaan basa, sastra jeung aksara daérah pikeun dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP kelas VII.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Rumusan masalah nyaéta tahap panalungtik pikeun nangtukan sacara wincik akar pasualan nu rék dipedar (Muliawan, 2014, kc. 48). Dumasar kana kasang tukang panalungtikan jeung identifikasi masalah, nu jadi pasualan dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun patalékan ieu di handap.

- a. Kumaha struktur pupujian nu aya dina kumpulan pupujian *Akhlaku lil Banin*?
- b. Ajén sosial naon waé nu aya dina kumpulan pupujian *Akhlaku lil Banin*?
- c. Kumaha nyusun rarancang bahan pangajaran ngaregepkeun SMP kelas VII ngagunakeun pupujian *Akhlaku lil Banin*?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung rumusan masalah nu dipedar di luhur, tujuan nu baris dihontal dina ieu panalungtikan dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nransliterasikeun pupujian *Akhlaku lil Banin* tina arab pégon kana aksara latén, sarta nganalisis struktur pupujianna jeung ngadéskrripsikeun ajén sosial nu nyangkaruk dina éta pupujian, tur ngawanohkeun karya sastra wangun pupujian nu judulna “*Nadom Akhlaku lil Banin*” karya Aén Haromaén ka siswa dina pangajaran ngaregepkeun di Sakola.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskrripsikeun:

- a. Struktur pupujian dina kumpulan pupujian *Akhlaku lil Banin*;
- b. Ajén sosial dina kumpulan pupujian *Akhlaku lil Banin*; jeung

- c. Nyusun rancangan pangajaran ngaregepkeun di SMP kelas VII ngagunakeun pupujian *Akhlaku lil Banin*.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat nu dipiharep tina ieu panalungtikan téh ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

##### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngajembaran élmu pangaweruh dina widang sastra, hususna ngeunaan pupujian nu aya dina kumpulan pupujian *Akhlaku lil Banin*, sarta hasil ulikanna bisa dijadikeun salasahiji alternif bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP kelas VII.

##### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis ieu panalungtikan, diantarana:

- 1) Pikeun Panalungtik, nambahan pangaweruhna ngeunaan struktur nu aya dina pupujian, sarta ajén-ajén nu nyangkaruk dina pupujianna hususna ajén sosial;
- 2) Pikeun nu maca, ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh ka nu maca, yén pangaweruh dina hal sosial dianggap penting lantaran dina ngalaksanakeun kahirupan sapopoé moal leupas tina pangaruh jalma lianna;
- 3) Pikeun akademik, hasil panalungtikan ajén sosial dina pupujian *Akhlaku lil Banin* bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP kelas VII.

#### **1.5 Raraga Tulisan**

Sistematika ieu skripsi disusun jadi lima bab, sakumaha diwincik ieu di handap.

Bab I Bubuka, ngajéntrékeun ngeunaan kasang tukang, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu eusina aya mangpaat praktis jeung mangpaat tioritis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Teori, medar ngeunaan tiori pupujian anu nyoko kana literatur para ahli, tiori ajén sosial, tiori struktural, sarta pangajaran ngaregepkeun di SMP kelas VII.

Bab III Méthode Panalungtikan, medar ngeunaan lokasi géografis tempat panalungtikan jeung sumber data panalungtikan, méthode panalungtikan, desain panalungtikan, alur panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, instrumen panalungtikan, jeung téknik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, ngadéskripsikeun ajén sosial anu aya dina pupujian *Akhlaku lil Banin*, sarta larapna hasil panalungtikan dina pangajaran ngaregepkeun di SMP kelas VII.

Bab V Kacindekan jeung Saran, medar ngeunaan gurat badag hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun sarta saran atawa rekoméndasi nu nyusun pikeun lajuning laku panalungtikan saterusna.